Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъиле,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 18 (6954) 26 май 2025 с. Итни Зул-къагIида 1446 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

ЧIахIиял гIелаз хIухьбахъи гьабиялъул Центр рагьана

Цолъи щулалъулеб бакIлъун лъугьина

Бакълъул районалда бугеб Россиялъул Социалияб фондалъул идараялда чIахIиял гIелаз гара-чIвари гьабиялъул Центр рагьана араб анкьалъ. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана РФялъул ДРялда бугеб Социалияб фондалъул Отделениялъул нухмалъулесул ишал тIуралей Алжана Загьидова, бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов, районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева ва цогидал.

«ХIакъикъаталдаги цоги бакIазда рагьарал гьадинал Централ пайда бугел бакIаллъун ккана харабазе. Гьел цолъизариялъе квербакъи гьабуна. Дир хьул буго Гумбет районалда рагьараб Центрги пенсионеразе ва районалъул гIадамазе къуват кьолеб бакIлъун лъугьинебин», - ян абуна Алжана Загьидовалъ.

Тадбир берцин гьабуна Бакълъул мухъалъул лъималазул школа искусствоялъул тарбиячагIазул художествиял церерахъиназ. ВатIан бокьиялда хурхараб кечI пасихIго бицана ЛъаратIа росдал гьоркьохъеб школалъул 3-леб классалъул цIалдохъан МухIамад Валиевас.

Центр рагьун хадуб республикаялдаса гьалбал муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас рачана администрациялде. Бихьизабуна районалъул музей. Загьидовалъе гьес сайгъат гьабуна ичичIалисезул гулгун. Гумбет районалда бугеб Клиентазулаб хъулухъалъул (отдел хIисабалда бугеб) идараялъул нухмалъулев НурухIма МухIамадовас баркала загьир гьабуна тадбиралде рачIарал гьалбадерие ва цогидал гIахьалчагIазе.

Зугьра ГIабдулкъадирова

НОМЕРАЛДА РУГО:

ТIад Инхоб: ГIали-ХIажиясул асарал рициналъул къец

- 2 стр.

Рагъул заманалда лъимерлъи аразе – медалал

- 2 стр.

Бакълъулазул полициялъулаз риларал гIухьби ралагьана

- 2- гьум.

САХАВАТАЛ БАКЪЛЪУЛАЛ

Мурад Базарганов – районалъе кумек гIемер гьабурав

ХIаракаталъулъ – баракат

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркалаялъул кагъат кьуна МелъелтIа росулъа сахаватчи Мурад Базаргановасе, бакълъулазул социалиябгун экономикияб цебетIеялъул кIвар бугел суалал тIуразе спонсорлъиялъулаб кумек гьабуралъухъ.

Хасго Мурад Базаргановасул кумекалдалъун КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабизе централияб майдан цIигьабуна ва майданалъул къеда тIад кера-

могранит лъуна Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб байрахъалъул ва Республикаялъул Дагестаналъул байрахъалъул кьераздалъун.

Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас муниципалитеталъул гIадамазул, Гумбеталъул администрациялъул ва жиндирго рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьуна Базаргановасе, гьарана гьесие щулияб сахлъи, киналго ишазулъ икъбал ва сундулъго бергьенлъи.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

Пачалихъияб шапакъаталъе мустахIикълъана МухIамад ГIабдулхIалимов

Пачалихъияб Думаялъул росдал магIишаталъул суалазул комитеталъул ХIурматалъул грамота щвана Бакълъул мухъалъул росдал магIишаталъулгун экономикаялъул управлениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдулхIалимовасе.

Гьеб кьуна Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул росдал магIишаталъул политикаялъул ва тIабигIаталдаса пайда босиялъул рахъалъ комитеталъул нухмалъулей Асият ГIалиевалъ Каспий шагьаралда тIобитIараб XXV Россиялъул чахъабазул ва цIаназул

выставкаялда бергьаразе ва къиматал бакIал ккуразе шапакъатал кьеялъул тадбиралда.

Шапакъат кьуна «Дагъистан Республикаялъул агропромышленнияб рахъ цебетIезабиялъулъ хIасил кьолеб хIалтIухъ, махщел тIокIлъиялъухъ» абураб номинациялда. Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана МухIамад ГIабдулхIалимовасда иргадулаб шапакъат щвей, гьарана гьесие цIиял бергьенлъаби ва кинабго лъикIабщинаб.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи



МухIамад Насрулаев пачалихъиял шапакъатаздалъун кIодо гьавуна

-2- гьум.

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

ТIад Инхоб: ГIали-ХIажиясул асарал рициналъул къец

Машгьурав шагIирасул асарал рикIкIиналъул муниципалияб бутIа къиматаб даражаялда ана

ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалда Инхоса ГIали-ХIажиясул асарал рицунел къецалъул районалъулаб бутIа тIобитIана гьесул 180 сон тIубаялда хурхун. Данделъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна ДРялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул авар секциялъул ва «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев, республикаялъул «Гьудулльи» журналалъул редактор ХIамзат ГIизудиновас.

Гьединго кIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, гьеб идараялъул хIалтIухъан Загьид ХIусенов, классикасул наслуялъул гIадан ГIайшат ГIабдулатIипова ва цогидал.

«ТIад Инхо росу ккола Гумбеталъул рухIияб тахшагьарлъун. Гьеб росдаца кьуна Дагъистаналъе, Россиялъе ва тIолабго дунялалъе машгьурал хIаракатчагIи. Исана республикаялда кIодо гьабулеб буго Дагъистаналъул адабияталъул кьучI лъуразул цояв, классик, гIалимчи, философ ва тарбиячи ГIали-ХIажи гьавуралдаса 180 сон ин. Машгьурав шагIирасул асарал цIализе ругезе гьарула икъбал», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Инхоса ГIали-ХIажиясул цIаралда бугеб ТIад Инхо гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз шагIирасул гIумруялъул ва творчествоялъул бицунел художествиял номерал рихьизаруна. Къецазул хIасилалда 10-11-абилел классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ПатIимат Ибрагьимхановалъ (10 класс).

8-9-абилел классазул къокъаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIа аслияб школалъул цIалдохъан Халисат Назировалъ (8 класс) ва ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ХIабиб МуртазагIалиевас (9 класс). Гьебго категориялда кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана ЛъаратIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ХIава МухIамадова (8 класс). Лъабабилеб бакI щвана Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Мурад Зайпулаевасе (9 класс).

5-7-абилел классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна чIиркъатIисезул школалъул цIалдохъан Рисалат МухIамадовалъ (5 класс), кIиабилеб бакI босана Гьоркь Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ХIалимат Салимовалъ (6 класс). Лъабабилеб бакI щвана ЛъаратIа росдал школалъул цIалдохъан Фатима МухIамадзагьидовалъе (6 класс).

Конкурсалда бергьаразе ва призовиял бакIал ккуразе грамотаби ва тIахьал кьуна. Лъимал хIадурарал авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалимзабазеги щвана грамотаби. Конкурс тIобитIиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалъул рахьдал мацIалъул мугIалим Сакинат МухIамадтIаминовалъ.

Тадбиралда нашид ахIулез ахIана ГIали-ХIажил асаралги. Гьеб школалъул директор Мусалав МухIамаднуровас баркала кьуна гьалбадерие ва конкурсалъул гIахьалчагIазе. Гьединго киназего чIезабун букIана квенги.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

Рагъул заманалда лъимерлъи аразе – медалал

Шапакъатал цIикIкIаги

Районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул жигаралдалъун ва муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабазул гIахьаллъиялдалъун араб анкьалъ ВатIан цIунулесул соналъул ва КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялъул хIурматалда

районалъул захIматалъул хIаракатчагIазе, лъимерлъиялъул заманалда рагъул кьогIлъи бихьаразе ракIалдещвеялъул медалал кьуна.

рагъул ветеранасул яс, 50 соналдаса цIикIкIун заманаялъ бакълъулазул сахлъи цIуниялъул хъаравуллъиялда йикIарай, ОБЖялъул мугIалим хIисабалда цIиял гIелазе тарбия кьеялъулъ къиматаб бутIа лъурай МелъелтIаса ПатIимат АхIмадибировалъе. Жеги гьелъ къватIире риччана лъималазе тIахьалги. Гьединго шапакъат щвана МелъелтIаса Халисат Ирисхановалъеги.

Медалал щварал руччабаз баркала загьир гьабуна Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасе, руччабазул гIуцIиялъул вакилзабазе сайгъатазухъ ва гьабураб бербалагьиялъухъ.

Зугьра ГIабдулкъадирова

НИЛЪ-БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

Бакълъулазул полициялъулаз риларал гIухьби ралагьана

Инсанасе инсан цIакъ къваригIуна

Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул дежурнияб часталде ЕДДСялъул диспетчерасул телефоналдасан хабар бачIана Бабаюрт районалдаса Болъихъе гIи гочинабулел гIухьби Халидбег ХIасанханов ва Жамалудин Зайпулаев Бакълъул районалъул мугIрузда нух къосун ругин.

Россиялъул Гумбеталда бугеб жанисел ишазул министерлъиялъул хIалтIухъаби гьебсагIатго къватIире рахъана гIухьби ралагьизе. ТIадцураб накIкI ва биццатго бараб гIазу букIиналъ гьел ралагьизе захIмалъулебги букIана.

Гьава-бакъ сабаблъун ругел квалквалазухъ балагьичIого, ОМВДялъул хIалтIухъабаз хIаракат бахъана гIухьби хехго ралагьизе. Гьеб хIалтIул хIасилалда Халидбегги Жамалудинги ратана.

«Нижеца ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго Россиялъул бакълъулазул мухъалда бугеб ОМВДялъул хIалтIухъабазе гьабураб кумекалъухъ ва хехго тIадкъай тIубазе бахъараб хIаракаталъухъ. ЦIунун таги нуж ва нужер хъизамал квешабщиналдаса», - ян абуна ХIасанхановас ва Зайпулаевас.

Зугьра ГIабдулкъадирова

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

МухIамад Насрулаев пачалихъиял шапакъатаздалъун кIодо гьавуна

Бергьенлъигун тIадвуссаги

Бакълъул районалдаса СВОялъул гIахьалчи МухIамад Насрулаевасе кьуна Жуковасул ва «За военную доблесть» медалал рагъулал тIадкъаял тIокIлъиялда тIураялъухъ.

Насрулаевасе Жуковасул медаль кьеялъул буюрухъалда гъоркь гъулбас лъуна Россиялъул Президент, РФялъул Рагъулал Къуватазул цевехъан Владимир Путиница.

Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана МухIамадида пачалихъиял тIадегIанал шапакъатал щвей, гьарана гIицIго бергьенлъаби, щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва кинабго лъикIабщинаб.

Макка МухIамадова

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

УхIумагIали ХIусенов иргадулаб нухалъ шапакъаталъе мустахIикълъана

Рагъулал тIадкъаял тIуразариялъулъ бихьизабураб гьунаралъухъ СВОялъул гIахьалчи, танказул ротаялъул командир Гумбет районалъул ЛъаратIа росулъа капитан УхIумагIали ХIусеновасе «БахIарчилъиялъухъ» медаль кьуна.

Гьелда хурхун буюрухъалда гъоркь гъулбас лъуна Россиялъул Президент Владимир Путиница. ХIусеновас тIоцересел къояздасаго гIахьаллъи гьабулеб буго Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда. Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасе баркана гьесда шапакъат щвей, гьарана бергьенлъигун тIадвуссин.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

ЗИГАРА

«Гумбет» газеталъул редакциялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Зайнаб Бекбулатовалда ва гIагарлъиялда, яцалъул вас Ражаб гIумруялдаса ватIалъиялда бан. Хварасе алжан насиб гьабеги, хъизан-агьлуялъе сабругун халатаб гIумру кьеги. Амин.

ДОКУМЕНТЫ

Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2024 год

Р Е Ш Е Н И Е

от «10 » апреля 2025 г. № 2 **с. Шабдух**

«Об утверждении отчета об исполнении бюджете МО «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2024 год»

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет «Цунди-Шабдухский », послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет «Цунди-Шабдухский» за 1-кв. 2025 года Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет «Цунди-Шабдухский» Гумбетовского района за 2024 год:

- по доходам в сумме 4264127 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоя-щему решению

- по расходам в сумме 3659864 тыс-яча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2025 года является остаток бюджетных средств 01.01.2024г - 94090 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет».

Председатель сельского Собрания
М. М. Магомедсайгитов.

Приложение № 1 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет «Цунди-Шабдухский»» от «10» апреля 2025 г. № 2

Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет «Цунди-Шабдухский”» за 2024 год

(тыс. руб.)

Наименование показателей	КОДЫ классификации доходов бюджетов	План на 2024 год	Фактически исполнено 2024 год	% исполнения
Налог на доходы физических лиц	18210102010011000110	38,0	50,1	131,8
Налог на имущество физических лиц	18210601030101000110	11,0	11,2	101,8
Единый сельскохоналог	18210503010011000110	22,0		
Земельный налог (пп1п1ст394)	18210606033101000110	29,0	4,8	16,6
Пения на земельный налог (пп1п1ст394)	18210606033102100110			
Земельный налог (пп2п1ст394)	18210606043101000110	0,0	0,0	#####
Земельный налог до 01.01.2006 г	18210904053101000110		0,0	#####
ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ		100,0	66,1	66,1
БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ		2137,0	2137,0	100,0
Дотация сельскому поселению из ФФПП	00120201001100000150	1974,0	1974,0	100,0
Субсидии в.т числе		0,0	0,0	#####
Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержании автомобильных дорог общего пользования	00120220041100000150	945,0	945,0	100,0
Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий	00120204014100000150	1116,0	1116,0	100,0
субсидия	00120215009100000150			
Субвенций		163,0	163,0	100,0
	в том числе			
Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС)	00120203015100000150	163,0	163,0	100,0
		0,0	0,0	
ВСЕГО ДОХОДОВ		4298,0	4264,1	99,2

Приложение №2 к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет «Цунди-Шабдухский»» за 2025 год от 10 апреля 2025 г. №2

Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет «Цунди-Шабдухский»» за 2024 год

(тыс. руб.)

Наименование	адм.	Рз	ПР	ЦСР	Лимит бюджетных обязательств на 2024 год	Кассо - вые выплаты за 2024 год	% выпол-нения
ВСЕГО					**3659,8**	**3659,8**	**100,0**
Общегосударственные вопросы	**001**	**01**	**00**		**1742,6**	**1742,6**	**100,0**
Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций	001	01	04	9900010040	1742,6	1742,6	100,0

(Продолжение - на 4 стр.)

(Начало на -3 стр.)

Национальная оборона	**001**	**02**	**00**		**163,0**	**163,0**	**100,0**
Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС)	001	02	03	9980051180	163,0	163,0	100,0
Национальная экономика	**001**	**04**	**00**		**167,0**	**167,0**	100,0
Дорожный фонд (возврат)	001	04	09	9900040200	167,0	167,0	100,0
Жилищно-коммунальное хозяйство	***001***	***05***	***00***		**200,0**	**200,0**	**100,0**
Благоустройство	*001*	*05*	*03*	*9900040010*	200,0	200,0	100,0
	001	***04***	***09***	***1530020760***	**0,0**	**0,0**	######
Культура и кинематография	***001***	***08***	***00***		**1387,2**	**1387,2**	**100,0**
Культурно- досуговый центр	*001*	*08*	*01*	*9900080010*	1387,2	1387,2	100,0
Социальная политика	***001***	***10***	***00***		**0,0**	**0,0**	#ДЕЛ/0!
Пенсионное обеспечение (доплата к пенс)	*001*	*10*	*01*	*9900090010*	0,0	0,0	#ДЕЛ/0!
Физкультура и спорт	***001***	***11***	***02***	***9900090100***	**0,0**	**0,0**	######
Молодежная политика	001	07	07	9900070050	**0,0**	**0,0**	######
Резервный фонд	**001**	**01**	**11**	**9900010070**	**0,0**	**0,00**	**0,0**
Прочие работы и услуги	001	01	11	9900010070	0,0	0,00	0,0
ВЫБОРЫ ОМС	**001**	**01**	**07**	**0000000000**	**0,**	**0,00**	**0,0**
Прочая закупка товаров и услуг	001	01	07	9900010050	0,	0,00	0,0

Крымская геморрагическая лихорадка (КГЛ) - природно-очаговая опасная для жизни инфекционная болезнь

Вирус КГЛ – возбудитель болезни может сохраняться в природных условиях в клещах, которые сохраняют его пожизненно и передают потомству.

Клещи обитают в основном на целинных (не вспахиваемых) участках (балки, овраги, лес, лесопосадки и др.), где могут нападать на человека. Естественными прокормителями клещей являются дикие, домашние животные (коровы, козы, овцы, лошади, зайцы, грызуны).

Особенно опасно для жизни человека – снятие клещей с КРС, МРС и других животных и раздавливание их руками.

Заразиться человек может при присасывании на тело зараженного клеща, при раздавливании клещей и попадании содержимого и крови на слизистые рта, глаз, ссадины на руках, что может случиться при стрижке овец, убое и разделке заклещевленного крупного и мелкого рогатого скота.

Заражение людей через укус клеща может произойти при пребывании людей в поле, на сенокосе, уходе за животными, при отдыхе на природе, в посадках, особенно, где имеются гнезда грачей. На этих птицах и других (вороны, сороки) могут быть также клещи.

Источником заражения может быть заяц-русак, чья шкура используется для приготовления меховых изделий (шапок и др.), еж ушастый, которого могут дети принести в домашний «живой уголок». Клещи могут переползать на человека с заклещевленных домашних животных, в т.ч. с собак, вернувшихся с мест обитания клещей.

Первые признаки заболевания: озноб, жар, повышение температуры до 39-40-41ºС, сильная головная боль, боли в пояснице, мышцах, ломота во всем теле, нередко тошнота, общая слабость, через 2-4 дня температура может снизиться, но состояние остается без улучшения; понижение температуры является как бы предвестником возможного наступления у заболевших кровотечения из различных органов.

При несвоевременном лечении человека, заболевание КГЛ может быть смертельным, поэтому при укусах клещами необходимо сразу же обратиться в медицинское учреждение.

Удалять клещей самостоятельно не желательно! В случае необходимости снимать их желательно в медицинских перчатках или прикрыв клеща тонким полиэтиленом и очень осторожно, чтобы не раздавить и не оторвать хоботок, клеща взять большим и указательным пальцами, легко повернуть направо, налево и вытащить; ранку обработать йодом, а клеща поместить во флакон и обязательно доставить в медицинское учреждение.

Памятка о мерах профилактики Крымской геморрагической лихорадки

Иксодовые клещи являются источником повышенной опасности, поскольку после присасывания могут заразить человека не только Крымской геморрагической лихорадкой, но и иксодовым клещевым боррелиозом (болезнью Лайма), эрлихиозом, листериозом, туляремией и другими инфекционными заболеваниями. Число инфекций, передающихся клещами, увеличивается с каждым годом. Ростовская область относится к территориям повышенного риска заражения особо опасной инфекцией — Крымской геморрагической лихорадкой (КГЛ).

Резервуаром вируса КГЛ являются дикие мелкие млекопитающие: лесная мышь, малый суслик, заяц-русак, ушастый еж. Переносчиком и хранителем являются клещи. Заболеваемость характеризуется сезонностью с максимумом с мая по август (в нашем регионе случаи заболеваний регистрируются с апреля по сентябрь).

Воротами инфекции является кожа в месте укуса клеща или мелкие травмы при контакте с кровью больных людей. Опасно также - неосторожное раздавливание не присосавшегося клеща при удалении с тела или одежды при наличии незаметных микротравм на коже. Несмотря на то, что домашние животные не болеют после укуса клеща, в их крови также в определенный период может находиться вирус КГЛ, поэтому контакт с кровью, например, при принятии родов у коров, создает риск заражения КГЛ. На месте ворот инфекции выраженных изменений не наблюдается.Заболевание легче предупредить, чем лечить!

Отправляясь отдыхать на природу или выполняя работу в лесу, поле, на стрижке овец, ухаживая за животными, не забывайте о мерах личной профилактики в защите от клещей. Немаловажное значение имеет специальная одежда. Особенно эффективный результат достигается при совмещении спецкостюма с химическими препаратами. При отсутствии такого костюма, собираясь необходимо одеться так, чтобы уменьшить возможность заползания клещей под одежду, на открытые участки кожи. Штаны должны быть заправлены в сапоги, гольфы или носки — с плотной резинкой. Верхняя часть одежды должна быть заправлена в брюки, а манжеты рукавов плотно прилегать к руке. На голове желателен капюшон или другой головной убор (например, платок, концы которого следует заправлять под воротник). Лучше, чтобы одежда была однотонной, так как клещи на ней более заметны.Не забывайте о том, что клещи чаще ползут снизу вверх. Ошибочно то мнение, что клещи нападают с деревьев или высоких кустов, поскольку они подстерегают своих хозяев среди растительности нижнего яруса леса. Именно в травянистой среде клещи имеют лучшую защиту от солнечных лучей и больше шансов встретить свою добычу.

Помните, что необходимо не реже, чем через каждые 1,5-2 часа проводить само- и взаимоосмотры для обнаружения прицепившихся клещей и их удаления. Не забывайте, что обычно клещи присасываются не сразу. Чаще всего они присасываются там, где кожа наиболее топкая и нежная: за ушами, на шее, под мышками и волосистой части головы, в паховой области. Нередко их снимают и с других участков тела.

Гайирби Хункарбиев,
начальник отдела ГО, ЧС,
ПБ и мобилизационной
работе администрации МР
«Гумбетовский район»

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
TIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.